

Khutbah Jumat Jawa: OJO DUMEH
dening : Ricky Wasito, PAIF Kota Semarang

Khutbah I

الْحَمْدُ لِلَّهِ. الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَمَرَنَا بِأَدَاءِ الشَّرَائِعِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ
السَّمِيعُ الْبَدِيعُ وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا وَحَبِيبَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الصَّيِّغُ.
اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ. أَمَّا
بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْحَاضِرُونَ. اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ
مُسْلِمُونَ. قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ. أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ
الرَّجِيمِ بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ، وَعِبَادُ الرَّحْمَنِ الَّذِينَ يَمْشُونَ عَلَى
الْأَرْضِ هَوْنًا وَإِذَا خَاطَبَهُمُ الْجَاهِلُونَ قَالُوا سَلَامًا

Ma'asyirol Mu'takifin Jama'ah Jum'ah Rohimakumullah

Alhamdulillah wa syukru lillah wonten ing kesempatan engkang sae
meniko mugi kito tansah pikantuk rahmat, taufiq, hidayah soho inayah
saking Allah AWT, sahinggo kita saget kempal wonten ing masjid ingkang
mubarak meniko. Monggo wonten kesempatan meniko kita tingkataken
keimanan lan ketaqwaan kita dateng Allah SWT, kanti ngleksanaaken
perintah soho nebihi sedoyo larangan ipun, sahinggo kito saget klebet
dados kawulanipun ingkang begjo dunyo tumusing akhirat. Aamiin
Allahumma Aamiin.



Hadirin Jam'ah Jum'ah Rohimakumullah,


Kathah filosofi Jawi engkang prasaja, ananging anggadahi teges
engkang luhur, kalebet "Ojo Dumeh". Minangka nasehat, ojo dumeh
anggadahi teges engkang lebet sanget lan kalebet ing ranah engkang
jembar, saget arupi kalenggahan, kekuwatan, kasugihan, lan status
sosial. ojo dumeh minangka piwulang Jawi engkang kedah dipun
mangertos, bilih gesang puniko muter. Setunggal wekdal ing nginggil lan
sanès wekdal ing ngandhap. Puniko engkang kawastanan cokro
manggilingan. Cokro tegesipun roda utawi cakram, dene manggilingan
tegesipun ingkang muter. Allah SWT Dawuh :

وَلَا تَمْشِ فِي الْأَرْضِ مَرَحًا إِنَّكَ لَن تَخْرِقَ الْأَرْضَ وَلَن تَبْلُغَ الْجِبَالَ طُولًا

Lan aja nganti siro lumaku ing dhuwur bumi iki kanthi anggak, kanggo
nuduhake kekuwatan lan kekuasaanmu, amarga sepira anggonmu
njejegke sikilmu, awakmu ora bakal biso nembus njero bumi lan sepira
dhuwure sirahmu, sirahmu ora bakal bisa nganti sepodho dhuwure
gunung. Satemene sira iku makhluk kang ringkih lan asor ana ing
ngarsaning Allah, sira ora nduweni daya lan kamulyan, amung kecobo
daya lan kamulyan kang diparingake dening Alloh. (Al Isra' ayat 37)

Hadirin Jam'ah Jum'ah Rohimakumullah,

Menawi wonten pitutur ingkang dipun wiwiti kanthi tembung
'ojo', mengku pikajeng, bilih kito kedah madosi makno afirmatif (anjukan)
ingkang dipun pikajengaken. Semanten ugi pitutur 'ojo dumeh', ateges
anjukan ingkang dipun pikajengaken inggih puniko andhap asor. Utawi
ing tembung sanèsipun " wani ngalah dhuwur wekasane, tegesipun bilih
kito kerso dados tiang engkang ngalah, malah kito badhe minggah
derajat kito ing tembe wingkingipun. Kanjeng Nabi Ngendiko :



يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَلْتَنْظُرْ نَفْسٌ مَّا قَدَّمَتْ لِغَدٍ وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ خَبِيرٌ بِمَا تَعْمَلُونَ

Hai wong-wong kang podho iman, wediho sliramu kabeh marang gusti Alloh, lan becik saben awak-awak mirsani opo kang wus disiapke kanggo sangu sesuk yen mati. Lan wediho sliramu kabeh marang gusti Alloh. Saktemene gusti Alloh moho mirsani opo kang mbok tindaki”.

Hadirin Jam’ah Jum’ah Rohimakumullah,

Sakabehing kamulyan, Kasugihan, Kakuwatan niku mboten langgeng tumrap engkang kagungan, sedoyo namung titipan saking Gusti Allah, kang bakal disuwun ing tembenipun.

Milo , kanthi ngugemi filosofi “oyo dume” mugi-mugi kita sedoyo mboten kejobak kalian cemploronge ndunyo, mboten kejobak kalian kaluwihan engkang dipun nduwèni, supaya kaluwihan engkang dipun nduwèni, mboten ndadosaké angkuh lan gumedhe, lajeng tumindak sawiyah-wiyah marang sepadhane lan ngasorake martabate, amarga kabeh mau bakal dadi apese awake dhewe.

Imam Al Hasan Al Bashri ngendikan, "Apa sira ngerti apa sing di arani tawadhu?" Tawadhu' yaiku nalika sira metu saka ngomahe sira banjur ketemu wong Muslim liyane, sak banjur re sira rumangsa, yen wong Muslim liyane iku luwih mulya tinimbang Siro.”

Kanjeng Nabi maringi pitutur duno :

اللَّهُمَّ اهْدِنِي لَأَحْسَنِ الْأَخْلَاقِ لَا يَهْدِي لِأَحْسَنِهَا إِلَّا أَنْتَ

(Ya Allah, mugi Panjengan paring pitedah dateng kulo akhlak engkang sae. Mboten wonten engkang saget nuduhake dhateng akhlak engkang sae, kejawi namung Panjenengan)” (HR. Muslim).

Hadirin Jam’ah Jum’ah Rohimakumullah,

وعن أبي هريرة رضي الله عنه أن رسول الله صلى الله عليه وسلم قال:

(ما نقصت صدقةً من مالٍ، وما زاد الله عبداً بعفوٍ إلا عزًّا، وما تواضع أحدٌ لله إلا رفعه الله) رواه مسلم

“ Shodaqoh iku ora ngurangi bondho, ora ono wong kang seneng paring pangapuro, kejobo malah entuk kamulyan lan ora ono wong iku andhap asor, kejobo malah bakal diangkat derajate dening Alloh.

Hadirin Jam’ah Jum’ah Rohimakumullah,

Pitutur Ojo dume' mboten namung paring nasehat, supados 'wong sing luwih' ampun pamer kekuwatane dhumateng 'tiang engkang kirang', ananging ugi mengku nasehat supados kito ugi ngajeni dhumateng tiang engkang kirang sampurno saking awak e dhewe, supados piyambakipun mboten rumaos asor lan gelo.

Gusti Alloh ngendikaaken :

وَاخْفِضْ جَنَاحَكَ لِمَنِ اتَّبَعَكَ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ

Lan andhap asoro seliramu, marang wong-wong kang podho melu awakmu, soko golongane wong kang podho iman.

Laku 'oyo dume' puniko dipun landhasi bilih gesang puniko kados dene roda engkang muter. Rikolo rodha muter, saben ruji bakal gantos posisi, kadang teng nginggil, kadang teng ngandhap. Sedoyo mengko pitutur, bilih cokro manggilingan puniko sunatulloh. Pramilo, Ojo dume sugih, njut boros, mboten nabung kanggo sesuk. Ojo dume kuwasa banjur ora kelingan dina lere (Pengsiun) , nalika awake dhewe wis ora kuwasa maneh. Ojo Dume golek mulyaning urip nang dunyo, terus lali marang sanguine mati. Allah ndawuhaken :

Sumangga kita prattelaaken tetembungan ojo dumeh menika wonten ing gesang kita, supados kita langkung atos-atos, langkung saged ngormati tiyang sanes lan temtu saged langkung wicaksana anggen kito nyikapi keluwihan saha kekirangan tiang sanes.

قَالَ اللَّهُ تَعَالَى وَبِقَوْلِهِ يَهْتَدِي الْمُهْتَدُونَ: وَعِبَادُ الرَّحْمَنِ الَّذِينَ يَمْشُونَ عَلَى الْأَرْضِ هَوْنًا وَإِذَا خَاطَبَهُمُ الْجَاهِلُونَ قَالُوا سَلَامًا
بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ بِالْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَجَعَلْنَا وَإِيَّاكُمْ مِمَّنْ يَسْتَمِعُونَ الْقَوْلَ فَيَتَّبِعُونَ أَحْسَنَهُ. آمِينَ يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ

KHUTBAH II

الْحَمْدُ لِلَّهِ، الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي خَلَقَ الْأَشْيَاءَ * أَحْمَدُهُ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى حَمْدُ مَنْ عَفِيَ مِنَ الْبَلَاءِ * أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ شَهَادَةٌ تُنْجِي قَائِلَهَا يَوْمَ الْجَزَاءِ * وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ أَتَقَى الْأَنْبِيَاءَ * اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ سَيِّدِ الرُّسُلِ وَالْأَنْبِيَاءِ * وَعَلَى آلِهِ الْكَرَمَاءِ * وَأَصْحَابِهِ الْأَصْفِيَاءِ * وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ اللِّقَاءِ * أَمَّا بَعْدُ فَيَا عِبَادَ اللَّهِ أَوْصِيَكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللَّهِ وَأَشْكُرُوهُ عَلَى تَوَالِي النِّعَمَاءِ وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ تَعَالَى أَمْرَكُمْ أَمْرًا عَمِيمًا * فَقَالَ جَلَّ جَلَالُهُ : إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا

عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا * اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ سَيِّدِ الْمُرْسَلِينَ * وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَالتَّابِعِينَ * وَتَابِعِ التَّابِعِينَ لَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ * وَارْحَمْنَا مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ * اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ * وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ * إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ * اللَّهُمَّ أَصْلِحْ أَيْمَتَنَا وَأَمْتَنَا * وَقُضَاتَنَا وَعُلَمَاءَنَا وَفُقَهَاءَنَا * وَمَشَائِخَنَا صَلَاحًا تَامًّا عَامًّا وَاجْعَلْنَا هُدَاةً مُهْتَدِينَ * اللَّهُمَّ أَنْصِرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ * وَاخْذُلْ مَنْ خَذَلَ الْمُسْلِمِينَ * اللَّهُمَّ أَهْلِكَ أَعْدَاءَ الدِّينِ * وَأَلْفَ بَيْنَ قُلُوبِ الْمُؤْمِنِينَ * اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْغَلَاءَ * وَالْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ * وَالْفَحْشَاءَ وَالْمُنْكَرَ وَالْبَغْيَ وَالسُّيُوفَ الْمُخْتَلِفَةَ * وَالشَّدَائِدَ وَالْمِحْنَ * مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ * مِنْ بَلَدِنَا هَذَا خَاصَّةً * وَمِنْ بُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً * إِنَّكَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ * رَبَّنَا اغْفِرْ لَنَا وَلِإِخْوَانِنَا الَّذِينَ سَبَقُونَا بِالْإِيمَانِ * وَلَا تَجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا غِلًا لِلَّذِينَ آمَنُوا رَبَّنَا إِنَّكَ رَؤُوفٌ رَحِيمٌ عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ * وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَاسْأَلُوهُ مِنْ فَضْلِهِ يُعْطِيكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ *